# JALPÍ AYMAQLÍQ ÓNIM

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2019 jıl yanvar-iyunda Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jalpı aymaqlıq ónim (keyingi orınlarda JAÓ) kólemi hárekettegi bahalarda 7 861,8 mlrd. sumdı quradı hám 2018 jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 7,2 % ke ósti.

2019 jıldıń yanvar-iyun ayları juwmaqları boyınsha xalıqtıń jan basına JAÓ 4 191,0 mıń sumdı quradı hám bul kórsetkish ótken jılǵa salıstırǵanda 5,6 % ke astı.

**Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha JAÓ di islep shıǵarıw**

| | *mlrd. sum* | | *2018 jıl yanvar-iyunǵa salıstırǵanda % da* |
|---|---|---|---|
| | *2018 jıl yanvar-iyun* | *2019 jıl yanvar-iyun* | |
| **I. JAÓ** | **6 233,9** | **7 861,8** | **107,2** |
| *sonnan:* | | | |
| Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı | 5 661,9 | 7 061,9 | 107,1 |
| Ónimlerge bolǵan salıqlar | 572,0 | 799,9 | 108,3 |
| **II. Tarawlardıń jalpı qosılǵan qunı** | **5 661,9** | **7 061,9** | **107,1** |
| Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı | 1 022,8 | 1 184,8 | 105,4 |
| Sanaat (qurılıstı qosqan halda) | 2 570,0 | 3 180,6 | 108,6 |
| sanaat | 2 097,0 | 2 343,2 | 100,5 |
| qurılıs | 473,0 | 837,4 | 144,6 |
| Xızmetler | 2 069,1 | 2 696,5 | 106,1 |
| sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 351,9 | 410,6 | 104,0 |
| tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs | 421,9 | 482,1 | 112,5 |
| basqa xızmet túrleri | 1 295,3 | 1 803,8 | 104,6 |

Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikanıń tiykarǵı tarawlarında gúzetilgen ósim pátleri JAÓ ósiwinde tiykarǵı faktor bolıp xızmet qıldı. Atap aytqanda awıl, toǵay hám balıq xojalıǵınıń ósim páti – 105,4 % (JAÓ quramındaǵı úlesi 16,8 %), sanaat (qurılıstı qosqan halda) – 108,6 % (45,1 %) hámde xızmetler tarawı – 106,1 % (38,1 %).

**2019 jıl yanvar-iyunda JAÓ niń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ósim pátleri**



Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikasınıń barlıq tarawlarında jaratılǵan jalpı qosılǵan qun (JQQ) kólemi jámi JAÓ niń 89,8 % in, ónimlerge bolǵan salıqlar bolsa 10,2 % in quradı.

Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı JAÓ niń tarawlar boyınsha quramındaǵı úlesi 1,3 % punktke (JAÓ quramındaǵı úlesi 16,8 %), sanaat (qurılıstı qosqan halda) tarawınıń úlesi 0,3 % (45,1 %) punktke kemeydi. Xızmetler tarawınıń JAÓ quramındaǵı úlesi 2019 jıl yanvar-iyunda 38,1 % ti quradı hám 2018 jıl tiyisli dáwiri (36,5 %) menen salıstırǵanda 1,6 % punktke astı.

***Jalpı aymaqlıq ónimniń tarawlar boyınsha quramı (jámige salıstırǵanda %):***



Sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerdiń JAÓ quramındaǵı úlesi 5,8 % ti (2018 j. yanvar-iyun – 6,2 %), tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs – 6,8 % ti (7,5 %), xızmet kórsetiwshi basqa tarawlar – 25,5 % ti (22,8 %) quradı.

**Xızmetler tarawınıń jalpı qosılǵan qun quramı**
**(jámige salıstırǵanda payızda):**

**2018 jıl yanvar-iyun**




**2019 jıl yanvar-iyun**




- sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler
- tasıw hám saqlaw, málimleme hám baylanıs
- xızmet kórsetiwshi basqa tarawlar

*Statistika jumısların shólkemlestiriw hám ulıwmalastırılǵan*
*málimleme-tallaw jumısları bólimi*
**Tel.: (0-361) 222-74-58;**
**(0-371) 230-82-03**